am doole nekkul ci bëre daan, waaye ku am doole mooy kiy tëye boppam bu meree

Jële nañu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «am doole nekkul ci bëre daan, waaye ku am doole mooy kiy tëye boppam bu meree».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Leerarug adiis bi: Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day leeral ci ne doole dëgg du dooley yaram, mbaa doole juy daan ñeneen nit ñu am doole, waaye ku am doole mooy kiy xeex ak bakkenam te man a not saytaane bu meree.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/5351